**दिन– गुरूवार** **दिनांक–26.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय वायु सेनाक ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन आईएसएस पर पहुचयवला पहिल भारतीय बनि कऽ इतिहास रचि देलनि। ओ अंतरिक्ष स्टेशन पर चौदह दिन रहबाक क्रम मे अपन मिशनक साठि प्रयोग करताह, अंतरिक्ष मे छओ प्रकारक फसिलक बीयाक प्रभाव के जांच सेहो कयल जायत। कैप्टन शुक्ला आइ दुपहर बाद करीब चारि बजे अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन पहुंचलाह। एहि ऐतिहासिक मिशन मे भारतक अतिरिक्त अमरीका, पोलैंड आ हंगरीक अंतरिक्ष यात्री सेहो सम्मिलित छथि। कैप्टन शुभांशु अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन जायवला पहिल आ अंतरिक्ष मे जायवला दोसर भारतीय छथि। एकतालीस वर्ष पूर्व राकेश शर्मा अंतरिक्ष मे जायवला पहिल भारतीय छलाह। ओ आठ दिन धरि अंतरिक्ष मे रहल छलाह।

---

चुनाव आयोग बिहार विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ आइ पटना मे समीक्षा बैसार कयलक। उपनिर्वाचन आयुक्त मनीष गर्गक अध्यक्षतावला नओ सदस्यीय दल आइ मगध आ पटना प्रमंडलक आयुक्त लोकनि संग बैसार कऽ चुनाव प्रक्रियाक विभिन्न बिंदु पर गहन विचार–विमर्श कयलक। बैसार मे दुनू प्रमंडलक विभिन्न जिलाक जिलाधिकारी सह जिला निर्वाचन पदाधिकारी सम्मिलित भेलाह। उपनिर्वाचन आयुक्त मनीष गर्ग अधिकारी लोकनि के मतदाता सूचीक गहन पुनर्रीक्षण काज करबाक निर्देश देलनि संगहि, सभ पात्र नागरिकक नाम मतदाता सूची मे सम्मिलित कयल जयबाक लेल कहलनि ताकि चुनाव प्रक्रिया मे पारदर्शिता सुनिश्चित कयल जा सकय। चुनाव आयोगक ई दल तीन दिनक राज्य भ्रमण पर अछि। एहि क्रम मे विभिन्न प्रमंडल मे समीक्षा बैसार कयल जायत।

---

आइ अंतर्राष्ट्रीय मादक पदार्थ दुरूपयोग निवारण दिवस अछि। ई दिन मादक पदार्थक दुरूपयोग आ अवैध व्यापारक विरूद्ध जागरूकताक लेल मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह अपन संदेश मे कहलनि अछि जे केन्द्र सरकार मादक पदार्थक खतराक विरूद्ध संकल्पबद्ध भऽकऽ आगां बढ़ि रहल अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद

खां कहलनि जे हमरा लोकनि के आबयवला पीढ़ी के निसाक लति सँ सुरक्षित करबाक लेल संकल्प लेबाक चाही। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे मादक पदार्थक दुरूपयोग पर अंकुश लगा कऽ हम सभ्य समाजक निर्माण कऽ सकैत छी। एम्हर, नारकोटिक्स कंट्रोल ब्यूरो पटना प्रक्षेत्र द्वारा मादक पदार्थक दुरूपयोग सँ बचबाक लेल एक जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। दोसर दिस एहि अवसर पर समाज कल्याण विभाग सँ आयोजित कार्यक्रमक उद्घाटन विभागीय मंत्री मदन सहनी कयलनि।

———————————————————————

आइ आकाशवाणी द्वारा सांझ सात बाजि कऽ तीस मिनट पर सेंट्रल ब्यूरो ऑफ नारकोटिक्सक कमिश्नर श्री दिनेश बौद्धक संग एक भेटवार्ता प्रसारित कयल जायत। एहि कारणे आकाशवाणीक पटना केन्द्र सँ सात बाजि कऽ तीस मिनट पर प्रसारित होबयवला प्रादेशिक समाचार सात बाजि कऽ पचास मिनट पर प्रसारित कयल जायत।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक कहलनि अछि जे मुंगेर सँ भागलपुर धरि गंगा एक्सप्रेस–वे कैं निर्माण कराओल जायत। श्री चौधरी कहलनि जे एकर बाद राज्य मे विकासक गति आओर तेज होयत।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक प्रभाव सँ बरखा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे राजधानी पटना समेत प्रदेशक अलग–अलग क्षेत्र मे नीक बरखा भेल अछि। बक्सर जिलाक चौसा मे सभ सँ बेसी अठत्तरि दशमलव दू मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर–पूर्वी, पश्चिमी आ दक्षिण–पूर्वी भाग मे एक–दू ठाम मेघगर्जनक संग बरखा हेबाक पूर्वानुमान व्यक्त कयलक अछि। एकर अतिरिक्त एहि ठाम हवाक गति तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटा रहि सकैत अछि। ओतहि, किशनगंज जिला मे किछु स्थान पर भारी बरखा हेबाक संभावना बनल अछि।

———————————————————————

मधुबनी सँ दिल्ली जा रहल एक डबल डेकर बस आइ भिनसर आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस–वे पर सैफई थाना क्षेत्र मे दुर्घटनाग्रस्त भऽ गेल। एहि दुर्घटना मे दू गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि पच्चीस सँ बेसी व्यक्ति घायल छथि। जिनका सैफईक मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छनि।

—————————————————————————————

दरभंगा मे बाढ़ि पूर्व तैयारी के लऽकऽ तटवर्ती क्षेत्र मे कटाव रोकथाम आ तटबंध सुरक्षाक कुल तेईस स्थल पर काज संपन्न कराओल गेल अछि। दरभंगाक जिलाधिकारी कौशल कुमार जनौलनि जे तटबंध सभ पर चौबीसो घंटा नजरि राखल जा रहल अछि।दोसर दिस सुपौल मे सेहो समाहरणालय स्थित सभागार मे बाढ़ि पूर्व तैयारीक समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल।

—————————————————————————————

समाप्त